

Lanmou pa danse kole ak vyolans



DESEN : CHEVELIN - TÈKS : MIKE CHARLES

MDGIF/Haiti
Fonds pour la Réalisation des Objectifs du Millénaire pour le Développement
ONUFEMMES, OIM, PNUD, UNFPA, UNESCO

Programme conjoint pour la prévention des conflits et la cohésion sociale (PCCS)

Le Programme conjoint est présent principalement dans les villes suivantes: Ouanaminthe, Port-de-Paix, Gonaïves, Saint-Marc, Les Cayes

SANDRA SOU CHIMEN LAKOU 17 AP MACHE POU ALE WÈ MAKÒ-MÈ LI ANAYIZ NAN LENTO KI GEN YON PITT LI KI MALAD



ANMWEY !!! ANMWEY !!!



SAK GEN LA ANKÒ ? TI KATYE SA TOUJOU GEN YON ZEN. BANM AL GADE

O ! O ! O !



RETE! KONSA POU YON MOUCHE PRAN BAT MADANM LI NAN MITAN LARI. ANPLUS PIL MOUN SA YO KANPE AP GADE LEVENMAN AN PA FÈ ANYEN POU ANPECHE SA.

M AP TOUYE W JODI A ! KITE FREKAN... OU PA BON TWÒP !



OTAN! OTAN! NAN TAN EKLERE SA MÒD ESPEKTAK SA YO TA DWE FINI WL.



BON TANN MWEN MESYE DAM! KONSA NAP GADE MESYE A KAP MASPINEN MADANM LI ?



NOU TA RELE LAPOLIS POU MET FREN NAN SA. PASKE PWOVÈB LA DI : SI PA GEN SITIRÈ PA KA GEN VÒLÈ. VYOLANS SOU KÒ MOUN SE YON KRIM. LA LWA PINI SA.



ANITA SOTI NAN SILANS LI EPI ALE JWENN SANDRA KI GEN YON GWOUPE FANM KI TOUJOU AP DISKITE SOU KOZE DWA FANM. YO TANMEN KOZE ANITA SOU DWA LI GENYEN AK KOUMAN POU L FÈ POU SA PA REPETE ANKÒ.



SA FÈ LONTAN L AP BAT MWEN. M SANTI M PA KAPAB ANKÒ !




MACHÈ ANITA. SONJE WAP VIV NAN YON SOSYETE KI GEN FÒS KOTE. M KONSEYE W PA RETE BRA KWAZE. SI SE PA SA VYOLANS KONJIGAL. SAN LÈ FÈ LADENYE SOU OU. M VLE W KONNEN M PARE POU M AKOMPANYE W SI W VLE FÈ DEMACH POU W JWENN JISTIS. M LA POU EDEW PASE MOVE PA SA !



TOUJOU SONJE LÈ NOU VIKTIM VYOLANS POU ALE LOPITAL AVAN 3 JOU.



APRE ALE WÈ LAPOLIS OUBYEN LEGLIZ AK ÒGANIZASYON KI RESKONSAB POU MET DIZON NAN ZAFÈ SA.



- VYOLANS NAN KAY PA GEN NI RÈG NI LWA. NENPÒT MOUN KA VIKTIM.
- OU PA MANTI, TOUT MOUN KONSÈNE. GRANMOUN, TIMOUN, FANM KOU GASON.
- PÒV, GWO PALTO, MOUN NAN LAMAS KOU MOUN NAN LELIT. SE PA SÈL NAN LAMAS JAN MOUN YO PANSE L LA
- MEYÈ FASON SE BAT CHALBARI DÈYÈ VYOLANS, PASKE VYOLANS POTE SOUFRANS.
- POU SA FÈT, FÒK YO PINI KOU PAB YO WI.
- E FÒK SILA KI VIKTIM YO POTE PLENT POU YO JWEN JISTIS

MOUVMAN DWA FANM



OU KOU PAB POU SA OU AKIZE A MEN KITE M DI W
- MALTRETE FANM SE MALTRETE PWÒP TÈT NOU,
PRIZON PA DOUS

- ANN KABA TOUT FÒM VYOLANS POU YON
SOSYETE MIYÒ DEMEN



KONKOU 177



Rele gratis tichèri nan nimewo 177 pou w reponn tikesyon sa yo :

- 1- Kisa ou dwe fè lè ou viktim vyolans konjigal ?
- 2- Konbyen jou ou genyen pou ale lopital lè w viktim vyolans ?
- 3- Èske vyolans sou kò moun se yon krim? Èske Lalwa pini sa?

